

Chitsauko 3

Dudziro yokutanga.

Mugwenga inzvimbo yoKuidzwa.

“Unofanira kurangarira nzira yose yawakafambiswa nayo naJehova Mwari wako murenje makore awa makumi mana, kuti akuninipise, nokukuidza, kuti azive zvaiva mumwoyo mako, kana wakanga uchida kuchengeta mirairo yake, kana kwete” (Deuteronomio 8:2)

Pane kusadudzira kwakajeka pamusoro penhoroondo yevana vaIsraeri pakufamba kwavakaita murenje, kwamakore makumi mana. Vamwe vanoti vana vaIsraeri vakadzungaira varimurenje. Asi Mosesi anonyatso-tsanangura pachena achiti, *“Mwari wenyu wakakutungamirirai kwamakore makumi mana murenje”* Pano tinoona kuti vakanga vasiri vanhu vaingofamba nje ! asi kuti vaitungamirirwa. Zvotiratidza kuti Mwari waive nechikonzero chakaita kuti vafambe rwendo irworwu. Mwari waivatungamirira kuti vaendepi , uyewo sei Mwari vaizviita izvozvo? *“Kuti akuninipise, nokukuidza, kuti azive zvaiva mumwoyo mako, kana wakanga uchida kuchengeta mirairo yake kana kwete.”*

Sei zvichiitika ?

Wakambozvifungawo here kuti panezvinhu zvinoitika zvatisingagone kunzwisisa.? Semuenzaniso; Mwari akatungamirira vaIsraeri kurenje kuti avaninipise nokuvaidza kuti azive zviri mumoyo mavo. Zvoveva here kuti Mwari aisaziva moyo yeVaIsraeri ?

Waida here kuti kupisa kwemugwenga kugokonzerese kubudisa zvakanga zviri pamoyo yavo ? Kwete ! Asi chokwadi ndechekuti , Mwari aiziva zvaifungwa naVaIsraeri, kuti vachamuteerera kana kusamuteerera.

Zvaimborevei ?

Ndakambonzwa mumwe mushumiri achiti: “Kana Mwari achibvunza mubvunzo hazvirevi kuti haazive mhinduro yacho. Asi kuti Mwari anoda kuti iwe pachezvako somunhu, uzviwanire mhinduro yako ichibva mumuromo wako pachako, wochiyera maringe neshoko raMwari. Somuenzaniso “*Adamu, uripiko ?*” verenga pana **(Genesis 3:9)** Chokwadi ndechekuti Mwari ainyatsoziva zvaizopindurwa naAdamu , Mwari aidawo kuti Adamu arangaririre nokuzviona iye pachake kuti sei aihwanda. Mwari waidawo kuti Adamu azvipindurire muhunyoro nokuzvinipisa kose. Mumwe muenzaniso ndewa Kaini, unoti, “*Mukoma wako Abero uripiko ?*” Apa Mwari aida kuti Kaini anyatsoona mumurangiro wake kuti wakanga waitei kuhama yake .

Mukufamba kwakaitwa navana vaIsraeri mugwenga kwemakore makumi mana, zvaitobatsira ivo kwete Mwari. Mwari aida kuti vaIsraeri vazive murangiro wake pamusoro pavo. Chimwe chikonzero ndechekuti vana vaIsraeri vaifanira kuvimba Naye. Mwari anotisvitsa panzvimbo yatinoomerwa kuti tigoziva kuti kwaari hakuna chisingagoneki. Thomas a,Kempis akanyora achiti ; “*Matambudziko ndicho chiyero chinoratidza kusimba kwedu pakutenda kwedu kunaMwari*”

Imwe tsanangudzo inoti, kutambudzika kunoita kuti munhu ave pake ega, achizviongorora, nokuzvinzwisisa zvaari. Kempis akatizve: “*Zvinokosha kuti mukurama kwatinoita tisafambe tisina simba raMwari, kana huvepo hwaMwari.*”

Mwari anotininipisa, kuti ruvimbo rwedu ruve maari iye oga. Mukuidzwa kwatinoitwa naMwari, kuti tikunde kwete kukundwa . Panguva yokuomerwa yatinenge tiri Mwari anotarira kwatiri, kuti agotimiririra, haatirasi . Anoda kutiratidza pane simba redu, nokuti simbaradza patinenge takaneta. Mwari akatungamirira vana vaIsrayeri kupinda murenje kuti, avape chiono chekuzogara munyika yechipikirwa. Akavabvisa muIgipita kuti vabvise murangiro we Igipita mavari, nokuisa murangiro wokushuwira kupinda munyika yechipikirwa, iyo yavakatanga kuda vasati vasvika .

Ndiri munguva yokuomerwa, ndakazvibvunza mibvunzo yakawanda. Nokuti kunyangwe pandaiimba, kunamata , kunyangwe kurevurura zvivi

zvangu, kana nekuverenga magwaro ndakafunga kuti hakuna angandipe mhinduro. Ndakarangarira magwaro anoti : *“Handingatokuregeri, handingatongokusiyi.”* (VaHeberu 13:5b)

Kunyangwe ndakarangarira gwaro randareva, asi hazvina kundinyaradza. Husiku hwose kusvika ramangwana racho ndakamuka ndakaneta ndisisina chinhu pamweya wangu. Dambudziko rakaita seraikura zuva nezuya, kusvikira musi wesvondo wandaizonoparidza.

Asi, kwangosara nhambo shomanani kuti svondo ichitangisa, Mwari akandishanyira nenzira inoshamisa, ndakaparidza vanhu vazhinji vakabatsirwa. Kunyangwe nanhasi uno handirangarire mharidzo yezuva iroro, yakaponesa vazhinji. Izvi zvinotidzidzisa kuti kunyangwe tiri pakumerwa, tikavimba naMwari, anotinyaradza nokutisimbisa. Anotibvisa pano kumwe kubwinya achitsvitsa zve kune kumwe kubwinya kuri pamusoro. Munguva iyoyi ndipo pandaifunga kuti ndaomerwa, ndakatomboda kubvunza kuti Mwari muripiko, zvandava murenje kudai ?

“Asi sezvatakatendiwa naMwari, kutitipiwe Evangeri, ndizvo zvatinotaura; tisingaiti kuti tifadze vanhu, asi Mwari unoidza moyo yedu.”
(1VaTesaronika 2:4)

Pagwaro iri ndinoona kuti Mwari anotanga aongorora moyo yedu wotitendera kuti tiite basa Rake . Pakupedzisira tinoparidza nenzira inofadza Mwari, Iye achitsigira nesimba rake.Zvichida rwendo rwemugwenga rwauri kufamba ndiMwari arikukugadzirira makomborero , auchawana mukumushandira kwauchaita.

Pamwe uri kuidzwa kuti ugovimba naMwari , kuti usazoneta nekudzokera shure, murutendo rwako.